



The Children's Trust

Tout timoun se pitit nou tout

## Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

**DIAL 211 HELPLINE** The Children's Trust

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



### MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

Mesaj nan yon boutèy .....	2
Ann amize n ti goute bon gou sezon fèt la san n pa santi n koupab .....	2
Fèt yo chaje ak ti istwa, pakouri istwa sa yo ak pitit ou .....	3
Sezon fèt la: Poze san nou pandan n ap fete .....	4

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon [www.bayopliskonesansrenmenyo.org](http://www.bayopliskonesansrenmenyo.org) pou ou.



## Pou n ka rete an sante pandan sezon epidemi grip la

Doktè Kendra Y. Velez, rezidan an chèf pedyat ki nan lopital University of Miami/Jackson Memorial Hospital, ekri atik sa a.

**M**aladi grip se yon viris ki parèt pi plis kòmansè mwa desanm rive mwa mas. Nan epòk sa a, nenpòt ki kote kapab gen ant 10 a 40 pou san timoun ki an sante ki ka trape li, e 1% nan timoun sa yo kapab oblije al entènè lopital. Pi fò nan timoun sa yo, se timoun ki nan laj timoun lekòl ki premye trape grip la pandan li kòmansè atake kominote a, epi apre sa paran yo, ti frè yo ak ti sè yo vin pran tou.

Grip se maladi moun trape nan men lòt moun, nan touse, estènè oswa nan kontak dirèk lè yon manyen lòt ak men yo ki pa lave. Men kèk nan sentòm grip la, lafyè, lafyè frison, maltèt, doule nan misk, touse ak estènè. Moun ki gen grip kòmansè gaye maladi a, depi yon jou anvan sentòm yo kòmansè, rive sou setyèm jou apre sentòm yo parèt.

Men kèk etap tou senp nou ka suiv pou n rete an sante pandan sezon epidemi sa a:

- ❑ **Rete lakay.** Lè ou santi sentòm grip yo, rete lakay, pa al ni travay ni lekòl oswa pa al fè lòt aktivite, depi sa posib, pou evite bay lòt moun maladi a. Si ou dwe pran kontak ak yon moun ki malad, evite rete twò pre li.
- ❑ **Bouche bouch ou lè w ap touse.** Dapre Sant pou kontwòl maladi (Center for Disease Control), yon mwayen byen fasil pou evite gaye grip ou genyen an se bouche bouch ou lè w ap touse. Lè w ap touse oswa estènè, sèvi ak yon ti napkin pou kouvri nen w ak bouch ou. Si w pa gen napkin, touse oswa estènè nan manch rad ou, men pa fè sa nan men w, paske lè men w pa pwòp li ka kontamine tout kote ou manyen. Tousuit ou fin touse oswa estènè, netwaye men w ak savon ak dlo oswa ak pwodui pou netwaye men ki gen alkòl ladan.

- ❑ **Netwaye men w.** Lè ou lave men w souvan, sa ede w pwoteje tèt ou kont grip oswa kèk lòt viris. Moun kapab twouve jèm maladi yo sou fas kèk bagay tankou kontwa. Ou kab al touche bagay sa yo epi ou tou sou wout malad.
- ❑ **Rete an sante.** Manje ki kenbe moun an sante, ladrès pou kontwole pwoblèm estrès, egzèsis fizik epi bwè anpil likid se plizyè fason ou kab kenbe sistèm defans ou prèt pou batay kont viris tankou grip.
- ❑ **Pran vaksen.** Vaksen kont grip se vaksen yo rekòmande pou tout timoun ant laj 6 mwa ak 5 an pran chak ane. Rekòmandasyon sa a se Akademi ameriken pedyat (American Academy of Pediatrics) ki fè li. Anplis sa, tout moun ki rete nan yon kay kote k gen timoun ki gen mwens pase 5 an, ta dwe pran vaksen. Ni moun k ap swen timoun sa yo, menm si yo pa rete menm kote avè yo ta dwe vaksinen tou. Epitou, AAP rekòmande pou tout moun k ap swen timoun pran vaksen chak ane. Timoun ki fè opresyon, ki gen maladi kè oswa ki gen yon sistèm defans ki fèb (tankou timoun ki gen jèm VIH...), timoun k ap suiv tretman pou maladi nan san, timoun ki fè sik ak timoun ki gen maladi respirasyon ki kwonik, tout se timoun yo konsidere ki frajil anpil anpil. Kon sa yo dwe vaksinen yo chak ane, san gade sou laj yo genyen. Timoun oswa jenn timoun ta dwe pran vaksen kont grip chak ane, sof si yo gen gwo pwoblèm alèji lè yo te pran yon premye dòz oubyen yo alèji a ze, yo gen mwens pase 6 mwa, oswa yo gen yon maladi grav ki pa fatige yo anpil pou moman an, oubyen yo te gen yon pwoblèm ki rele Guillain-Barre, sis semenn apre yo te pran yon dòz. Vaksen sa a se nan chè yo bay li. Pou timoun ki gen laj ant 6 mwa ak 9 an, epi ki pa t deja resewa vaksen an, se pou yo ba yo yon dezyèm dòz pandan premye sezon grip la.

### MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou yon premye yo anvi aprann letan pou yo kòmansè al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resewa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



## Mesaj nan yon boutèy

Kristin Read ki travay nan Miami Children's Museum's Early Childhood Center, ekri atik sa a.

Envante yon jwèt pou amize w ak pitit ou. Moun ki te devlope lidè sa a, se Nicole Sparks ak klas preskolè volontè inivèsèl ki nan "Sparks Daycare & Kindergarten". Yo prezante rechèch yo fè sou boutèy ki gen kapasite 2 lit, nan mize Miami Children's Museum gras a Project Blue, yon seri travay pwofesyonèl a men yo devlope epi ki jwenn finansman Fondasyon kominote Dade (Dade Community Foundation).

### Kouman pou sa fèt:

- Chèche yon boutèy vid 2 lit ak yon bouchon ki ka bouche l byen sere. Plen boutèy la dlo. (yon lòt chwazi: Ou kab lage yon gout likid kòloran manje, koulè ble ladann.)
- Apre sa, chèche jwenn sis bagay diferan anndan kay la, k ap kab antre nan bouch boutèy la, fasil. Chwazi kèk bagay ki kab flote ak kèk lòt bagay k ap koule al nan fon boutèy la. Chèche bagay ki gen divès koulè epi ki enteresan. Mete bouchon boutèy la epi amize n nan ti travay sa a!

### Ki sa k pou fèt:

Etan n ap travay ansanm, diskite bagay n ap chwazi yo, konsantre sou devlopman vokabilè. Ankouraje pitit ou dekri yon bagay ki etranj pou li, fè l bay detay tankou koulè bagay la, fòm li, gwosè li ak pozisyon li ye anndan boutèy la. Prepare plis boutèy menm jan an, epi fè imajinasyon w travay nan chwazi bagay ki ka gen rapò antre yo oswa ki gen apeprè menm ton.



## Ann amize n ti gouste bon gou sezon fèt la san n pa santi n koupab

Sabrina Candelaria, MPH, RD, LDIN, Pedyat, Nitrisyonis, Mailman Center for Child Development, Miller School of Medicine, ekri atik sa a.

Ofiramezi sezon fèt la ap pwoche, sa pa fasil pou nou pa pran yon ti pwa anplis anvan ane a kòmanse, se kòm yon defi li ye souvan pou nou. Nan tout rasanbleman sa yo k ap fèt ant zanmi, ant fanmi, nan lekòl, sa kab difisil pou fanmi w evite tout bon ti bagay byen gou sa yo, ki chaje kalori, nou konnen epi nou renmen gouste pandan moman sa a nan ane a. Nan selebrasyon sa yo, bagay ki kwit nan fou se yon gwo pati. Bonbon, gato ak chokola, bagay sa yo tout kote nan fèt k ap fèt pou sezon an.

Menm lè ou gen dwa pa kapab kontwòl sa yo mete anndan ti bagay sa yo lòt moun prepare, gen de twa bagay ou kab fè lè se ou k ap prepare yon bagay nan kizin ou, pou kab rann bagay yo pi senp. Prepare bagay nan fou pou sezon fèt, se yon bon fason pou w pase yon moman ak pitit ou. Men kèk ti konsèy fanmi an kab itilize pou kuit bagay ki bon pou sante:

- Sèvi ak sòs pòm oswa pire prin, pou ranplase grès. Bè se yon sous grès anpil moun sèvi nan plizyè resèt popilè nan preparasyon nan fou. Pou 815 kalori kon sa, 58 gram grès ki satire ansanm ak 244 gram kolestewòl pou chak demi tas (oswa yon baton bè), menm si se yon ti kras bè ou ranplase ak yon lòt bagay, sa kab fè yon gwo diferans. Lè ou sèvi ak pire fwi, sa rann resèt ou a pi lejè paske li pèmèt ou redui kalori yo ak grès yo – epi sa ajoute yon ti kras fib nan preparasyon an.
- Sèvi ak farin ble tout antye, ki pa transfòme olye farin blan ki rafine. Se yon bon mwayen pou kore fib ki nan preparasyon ou a. Pou chak tas farin blan rafine ki gen 3 gram fib, si ou itilize yon tas farin ble tout antye ki pa rafine nan plas li, sa ap ajoute prèske 15 gram fib nan resèt ou a. Senp chanjman sa a fè w jwenn plis pase 4 fwa plis fib.
- Lè ou dwe mete plis pase yon ze nan yon resèt, bese kantite kolestewòl la, etan ou ranplase omwen yon ze ankè ak de

blan ze. Mwen se pa yon bagay ki rekòmande pou w ranplase tout ze ankè yo ak blan ze sèlman, paske sa ka rann bagay w ap prepare nan fou a vin sèk sèk epi li tankou kawotchou. Men si ou ranplase omwen yon ze ankè, sa kab soulaje resèt ou a anba prèske 40 kalori, 5 gram grès ak 212 gram kolestewòl.

- Pou resèt kote w ap itilize chokola, ajoute 3 gran kiyè poud kakawo ak yon kiyè luil vejetal nan plas yon ons chokola kwit (oswa yon kare). Senp ti chanjman sa a kapab pèmèt ou evite plis pase 6 gram grès satire.

Manje manje ki bon pou sante pa vle di manje bagay ki pa gou. Lè n ap itilize ti konsèy sa yo, sonje li pa nesesè pou nou ranplase tout engredyan nou sot di yo a 100 pou 100, pou n fè yon resèt ki bon pou lasante. Ou kab benefisye divès bagay sa yo, san ou pa chanje tout bagay nèt pou w ta chanje gou preparasyon ou a, men sèvi ak de twa nan engredyan nou sijere ou yo.

Sezon fèt se tan pou manm fanmi an amize yo ansanm avèk zanmi epi avèk manje. Yon bon fason pou pase tan ak pitit ou, se fè l ede w nan kizin nan, epi montre l fason pou l byen viv. Lè ou kuit sa ki bon pou sante ou nan kizin lakay ou se yon bon fason pou ede fanmi ou byen derape pou Nouvel ane a.



[www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)  
Public Library System

Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti.

Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-375-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: [www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)



# Fèt yo chaje ak ti istwa, pakouri istwa sa yo ak pitit ou

Michael R. Malone pou The Children's Trust.

**K**èlkeswa fèt ou konnen nan sezon sa a -- Nwèl, Anouka, Kwanzaa, Diwali oswa yon lòt -- w ap jwenn istwa ki alabaz fèt sa yo. Istwa sou bebe ki fèt nan fason estwòdinè, majik, lanp ki limen san gaz, istwa ki montre sajes zansèt yo, ak anpil lòt ki ba w chans viv sa pitit ou viv. Kit se dapre fason tradisyonèl la oswa nan fason ki pi adapte, ki pi enteresan, istwa sa yo -- yo rakonte yo swa atravè dans, chan, teyat oswa liv -- se istwa ki rich nan mesaj yo bay, sitou pou sèvo k ap grandi epi ki toujou ap poze kesyon.

Kon sa, nan mitan tout presyon ak mache prese ki genyen yo, planifye yon orè pou lekti oswa yon ti pyès teyat ak dans, epi amize n nan pale ansanm ak timoun yo pou pakouri istwa yo ak siyifikasyon yo genyen.

Klib ki rele "Richmond Perrine Optimist Club" ki nan zòn sid Dade, pi ki jwenn apui *The Children's Trust*, fè pwomosyon pou lekti kòm yon eleman kle nan pwogram pou apre lekòl li genyen. Lekti yo fèt alafwa an sesyon ni pou gran gwoup ni pou yon moun an patikilye, epitou pandan sezon fèt yo pral rive a, istwa yo vin pran yon enpòtans espesyal.

"Pi gwo espwa nou genyen, se ankouraje timoun yo pran abitud fè lekti". Sa a se pawòl Darlene Rodgers, ki ap sipèvize pwogram nan. Pou sezon fèt yo, Rodgers di, elèv ki nan lekòl fondamantal yo epi ki sèvi kòm asistan nan pwogram yo, telechaje istwa, powèm ak lòt enfòmasyon sou diferan fèt ki genyen yo, yon fason pou yo kab pataje yo ak timoun ki pi piti yo.

Yon bon istwa ki gen anpil pèsonaj ak anpil sispenns se istwa ki toujou entere moun, e istwa fèt yo ki tèlman gen bagay estwòdinè, bagay majik, se istwa espesyal tou. Timoun pran mesaj pozitif ki enpòtan, sou enpòtans lekti, lè yo chita bò kote manman yo, papa yo, grann yo, granpapa yo.

Nan sant sa a, yo ankouraje paran travay kòm volontè pou yo ka vin li pou timoun ki pi piti yo. Darlene Rodgers di: "Lè timoun yo wè se paran yo ki vini, sa fè yo santi yo fyè". "Yo di 'Waw, si manmi oswa papi vini, sa vle lekti se bagay ki enpòtan.' Epi nou wè timoun sa yo bay pi bon rannman lekòl."

Gen yon pwogram *The Children's Trust* finanse pou ogmante kapasite timoun pou yo li byen, ki rele "Read2Succeed". Pwogram nan mete yon pwogram lekti an famiy sou pye, nan ete ki sot pase a. Chak vandredi, nan yon libreri ki nan West Kendall, gen 60 timoun kon sa ki ant klas matènèl jis dezyèm ane, ki rive an pijama epi ki pase yon bon moman ap li.

Direktè egzekitif la, David Castrillon, chwazi liv ki pataje mesaj yo ki jan pou fòme pèsonalite ak sou kèk kesyon sosyal. Direktè a di: "Pou sezon fèt yo, liv sou Nwèl ak Anouka nou chwazi pou n li yo, montre enpòtans mesaj

sezon an genyen -- solidarite, imilite, ak ede youn lòt. Ou kab pran bagay yo nan nenpòt ki relijyon. Sa nou menm nou fè se montre enpòtans ki genyen pou youn bay lòt, epi ki fason nou kab vin miyò."

Timoun yo jwenn ankourajman pou yo poze kesyon, pou yo pataje espèyans yo epi pou yo diskite sou mesaj ki genyen konsènan istwa a. Apre sa, yo distribiye papye ak kreyon desen ba yo, epi timoun yo gen pou yo desine bagay yo te aprann konsènan istwa yo. Paran yo tou, jwenn ankourajman pou yo patisipe nan konvèsasyon yo ak aktivite yo, kon sa sa rann atmosfè a amikal, dapre sa Castrillon esplike.

Nan mwa desanm, "Read2Succeed" ap kolabore ak yon lòt òganizasyon sou yon pwogram "Pyebwa zanj" (*Angel Tree*). Se yon pwogram lekti ak ekriti nan yon legliz ki nan zòn Sidwès la. Yo envite timoun ki gen paran yo ki nan prizon pou yo vini ak moun k ap okipe yo a, an jeneral granparan yo. Yo fè lekti pou yo epi yo fè yo kado liv.

Bibliyotèk lokal ou a gen yon bèl seleksyon liv sou sezon fèt yo. Lè fini tou, Entènèt se yon gran resous pou jwenn anpil istwa sou ki jan lòt kilti toupatou nan lemond selebre diferan fèt yo. Yon fwa ou fin li yon istwa ak pitit ou epi sa te fè n plezi, konsidere lòt fason -- swa ak travay atis oubyen atizana oubyen desen -- ou menm ak pitit ou kapab apwofondi sa ki te aprann nan.

## Kèk bon sit sou istwa sezon fèt yo:

<http://teacher.scholastic.com/fieldtrp/k2/holiday.htm>  
(Rechèch pwofesè)

[http://www.nncc.org/Curriculum/dc32\\_holidays.divers.html](http://www.nncc.org/Curriculum/dc32_holidays.divers.html)  
(Rezo nasyonal pou swen timoun)

<http://familycrafts.about.com/>  
(Atizana an famiy/lib)

Timoun ki poko ale lekòl gen tan lib, e aktivite lekti ofri yon gran mwayen pou n pase tan ansanm. Lè ou pale de istwa yo ak pitit ou, sa ban n yon opòtinite prèske majik pou n vin mare ansanm plis toujou.

Li istwa avèk pitit ou fè pati bagay ki pi enpòtan nou kab fè ansanm, sitou nan moman fèt yo.

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:  
[www.thechildrenstrust.org](http://www.thechildrenstrust.org)

# Sezon fèt la: Poze san nou pandan n ap fete

Andrew Dec, Susan Uhlhorn, Ph.D., Julia Belkowitz, M.D., Steve Dearwater, M.S. ak Judy Schaechter, M.D. ekri atik sa a.

Etan n ap planifye aktivite n pou sezon fèt la, ann reflechi pou wè kouman nou kab poze san nou pou nou byen fete. Malgre sezon fèt yo se yon bèl epòk, yo kab reprezante danje tou pou pitit nou ki kontan fè esperyans ak nouvo bagay nou pote nan kay la. Se yon bagay ki fasil pou paran vin distrè akòz tout presyon ak mache prese ki gen pandan sezon fèt la. Gen anviwon 12,500 moun ki abouti nan sal ijans lopital, akòz dega ki rive yo nan fè dekorasyon pou sezon fèt, chak ane nan peyi Etazini.<sup>1</sup> Pa gen anyen ki pi enpòtan pase veye pitit nou. Men kèk konsèy Akademi Pedyat Ameriken pote pou nou pou sekirite tout moun, pandan sezon sa a:

## Pou fè kay la « klere »

- Lè w ap achte pyebwa atifisyèl, chwazi sa ki make « fire-resistant », sa vle di ki pa pran dife fasil.
- Toujou byen wouze plant natirèl yo; pyebwa ki sèch pi fasil pran dife.
- Tout sa ki fè flanm dife oswa chofaj kay, kite yo lwen pyebwa ak dekorasyon.
- Anvan w sèvi ak yon lanp oswa yon ralonj tcheke l byen tcheke.
- Evite sèvi ak dekorasyon ki pwenti oswa ki ka kraze si w gen timoun pitit.
- Tout bagay ki gen ti pyès- tankou limyè dekorasyon, pil oswa ti kwochè pou dekore – mete yo kote pou timoun pa jwenn yo.

## O! Tout jwèt yo!

- Plis yo gwo se plis yo pi bon pou timoun ki pi piti. Yon jwèt ki pi piti pase twou yon woulo papyè ijyenik kab lakòz yon timoun trangle.
- Suiv konsèy yo bay lè n ap achte yon jwèt timoun (yo make sa sou bwat la).
- Evite jwèt ki gen kòd long pou timoun nan rale oswa ki gen riban ladan yo; bagay sa yo kapab lakòz timoun nan trangle tèt li.
- Si w bezwen plis ransèyman, kontakte Komisyon pou sekirite moun k ap achte (*Consumer Product Safety Commission*). Ale sou sit [www.cpsc.gov](http://www.cpsc.gov).

## Lèt konsèy enpòtan

- Netwaye tousuit apre yon fèt nan sezon fèt yo. Papyè anbalaj, rès manje, alkòl oswa sigarèt kapab toufe timoun si yo rive met men sou bagay sa yo.
- Pran prekosyon lè w ap lwe oswa lè w ap prete yon bèso. Ou

dwe sèten espas ant bawo yo pi piti pase lajè yon bwat soda epi matla a byen chita sou li.

- Pa janm dòmi ak tibebe oswa ak timoun piti; yo kab toufe si w woule sou yo.
- Toujou tache senti sekirite w; tache timoun djanm anvan w kòmanse kondi.
- Si n ap bwè bwason, pran anpil prekosyon. Chwazi yon chofè ki pa bwè pou mennen w tounen lakay ou.
- Kenbe yon lis nimewo telefòn enpòtan, pou si gen ka ijans. Nan lis la, mete nimewo telefòn lapolis ak depatman ponpye, mete nimewo pedyat timoun yo ak kote yo kab telefone si yo vale yon pwazon, 1-800-222-1222.

Sa k pi enpòtan, toujou ap voye je sou timoun yo epi veye danje. Lè n fè yon jan pou tout bagay pase sennesòf, sa fè gen yon anviwonman ki an sante pou tout moun amize yo nan sezon fèt yo.

Si w bezwen plis ransèyman sou sekirite timoun, kontakte kowalisyon pou kenbe timoun Miyami sennesòf (Injury-Free Coalition for Kids of Miami) nan nimewo 305-243-3928 oswa tcheke Akademi Pedyat Ameriken an sou entènèt ([www.aap.org](http://www.aap.org)).

<sup>1</sup>U.S. Consumer Product Safety Commission, Hazards Related to Holiday Decorating, 2006



## Envitasyon pou ou! Target Free Third Fridays nan mize Miami Children's Museum

Dec. 21 desanm apati 3 è apremidi pou rive 9 è.

Vin rankontre nou ansanm ak fanmi ou chak twazyèm Vandredi di mwa, pou w ka vin amize w nan mize Miami Children's Museum ak tout 14 galri ki konekte ansanm yo, ansanm ak nouvo bagay nou genyen, "Oh Seuss! Off to Great Places".

Vizite [www.miamichildrensmuseum.org](http://www.miamichildrensmuseum.org) pou plis enfòmasyon



## Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak bibliyasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

### Voye lèt bay:

**The Early Childhood Initiative Foundation** 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

### The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education**

(305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

Edite ti journal sa a se: Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)

ba yo plis komensans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665